



Pou Piblikasyon Imedya: 26/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN YON PWOJÈ DEVLOPMAN LOJMAN ABÒDAB KI KOUTE 31 MILYON DOLA NAN BOUK ENTERYÈ ROCHESTER

270 on East kreye 112 kay, ki gen ladan 55 avèk sèvis sipò pou veteran ak granmoun aje yo

Investisman an ap konplete inisyativ "Finger Lakes Forward" lan – ki se estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an

Foto 270 on East yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman yon devlopman lojman abòdab ki koute 31 milyon dola nan Bouk Enteryè (Inner Loop) Rochester. 270 on East ki fèk konstwi a gen ladan 112 apatman abòdab, sa gen ladan 55 sèvis sipò pou veteran ak granmoun aje yo.

"Administrasyon mwen an kontinye rete trè konsantre sou revitalize anba lavil yo, ogmante rezèv lojman abòdab ak bay sèvis sipò pou Nouyòkè vilnerab yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "270 on East bay lojman sekiritè, modèn ak efikas pou enèji pou plis pase 100 fanmi epi esansyèl pou amelyore kalite lavii ak pèmèt yon avni ki pi abòdab epi sekirize avni katye Bouk Enteryè Rochester a".

"Lojman sipò bay yon altènativ akeyan epi ki gen sipò ke veteran ak granmoun aje yo ka rele lakay yo epitou ap resevwa sèvis ki nesèsè", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare.** "Lojman sipò ki fèk konstwi nan Bouk Enteryè Rochester a pral non sèlman bay yon refij sekiritè pou veteran ak granmoun aje yo men tou pral bay lòt opòtinite lojman abòdab pou lòt Nouyòkè yo ki gen difikilte".

270 on East te konstwi sou yon pasèl tè vil Rochester te achte nan kad Pwojè Transfòmasyon Lès Bouk Enteryè (Inner Loop East) li a, yon efò ki te lanse an 2016 pou transfòme otowout Bouk Enteryè anba nivo tè a nan epòk 1950 yo pou tounen yon otowout dinamik, sekiritè ak kominote rezidansyèl ak komèsyal ki adapte pou pyeton. 270 on East toupre Union Square Apartments ak Charlotte Square nan Bouk la, de lòt devlopman HCR finanse nan kad transfòmasyon Bouk Enteryè a.

Bilding senk etaj ki fèk konstwi a gen ladan 49 apatman ki gen yon sèl pyès, 36 apatman avèk yon chanmakouche ak 27 apatman avèk de chanmakouche. Tout 112 apatman yo abòdab pou fanmi ki gen revni ki nan oswa pi ba pase 80 pousan Revni Mwaynn Zòn (Area Median Income, AMI) lan, avèk 36 abòdab pou moun ki nan oswa pi ba pase 60 pousan AMI ak 63 abòdab pou moun ki nan oswa pi ba pase 50 pousan AMI.

Se Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) ki finanse sèvis ak sibvansyon lokasyon pou 55 inite sipò epi se Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health, NYSDOH) k ap administre li. Gen 35 kay ki rezève pou granmoun aje ki gen aksè nan sèvis Episcopal SeniorLife Communities ofri. Sèvis sa yo gen ladan sèvis sante lakay, kowòdinasyon swen, transpò, devlopman plan vyeyisman an sante, tès depistaj sante mantal, ak sipò pou fè makèt epi planifikasyon ak preparasyon manje.

Gen yon lòt 20 inite sipò ki rezève pou veteran ki gen aksè nan sèvis Eagle Star Housing bay yo. Sa yo enkli sèvis transpò, fòmasyon pwofesyonèl ak sèvis edikasyon.

Ekipman rezidansyèl yo gen ladan yon lakou sou twati a, plizyè sal pou rezidan, yon sant komèsyal ak enstalasyon lesiv nan chak etaj.

Devlopman enèji efikas la fèt pou satisfè nòm Energy Star Ajans Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Agency, EPA) an pou kay ak nòm Pwogram Nouvo Konstriksyon Rezidansyèl Ba Altitud Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSEERDA), nan itilize aparèy limyè efikas, sistèm chofaj ak refwadisman ki gen gwo efikasite, enstalasyon dlo ki gen fèb sikilasyon ak tapi ak kousen Green Label Plus.

270 on East twouve li toupre estasyon otobis ki konekte pasaje yo ak tout pati nan Rochester, swen sante, famasi, bank ak gadri yo.

Se CSD Housing, LLC ki te devlope pwojè a epi Christa Construction te konstwi li.

Investisman Eta a nan 270 on East te gen ladan 5.3 milyon dola obligasyon pèmanan ki gen egzanpsyon fiskal; Kredi Enpo Federal sou Lojman ki jenere 9.5 milyon dola nan fon pwòp ak apeprè 12.6 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York atravè Pwogram Lojman pou Moun ki Gen Revni Mwayen ak Pwogram Nouvo Konstriksyon. Vil Rochester te bay 1.5 milyon dola.

270 on East konplete plan global Gouvènè Hochul la pou fè lojman pi abòdab, ekkitab, ak estab. Gouvènè a te entwodui epi garanti ak siksè, nan Bidjè Eta pou ane 2022-23, yon nouvo plan lojman konplè ki koute 25 milya dola, sou senk ane, ki pral ogmante rezèv lojman nan kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York ki gen ladan 10,000 ak sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "270 on East te kreye yon kay ki an sekirite ak abòdab pou 112 fanmi, granmoun aje, ak veteran nan kè anba lavil Rochester. Angajman Gouvènè Hochul pran pou ogmante rezèv lojman abòdab atravè Eta a, espesyalman nan kominote iben yo nan nò Eta New York, pral kontinye kreye katye pou itilizasyon miks ki divèsifye, enklizif ak pwospè kote moun pral vle viv ak travay. Mèsi a Vil Rochester, Christa Development, CSD Housing ak founisè sèvis sipò nou yo, Eagle Star Housing ak Episcopal SeniorLife Communities, pou travay yo nan pèmèt sa tounen yon reyalite".

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "Finisman 270 on East montre angajman solid nou pou agrandi lojman abòdab ak sipò nan kominote nou an. Mwen fyè dèske m te bay finansman federal pou pwojè sa a k ap ede konstwi yon avni ekitab ak enklizif pandan n ap revitalize koridò anba lavil Rochester a tou. Mwen rekonesan pou devouman Gouvènè Hochul pou li ranfòse opòtinite lojman yo epi mwen pa ka tann pou nou kontinye travay ansanm pou leve fanmi Rochester yo".

Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare, "Eta New York fyè pou l rejwenn patnè nou yo nan ajans gouvènman ak kominotè yo sou investisman enpòtan sa a nan lojman Rochester. Mwen pa ka tann pou m wè avni katye sa a pandan n ap rekonekte katye Bouk Enteryè a avèk rès vil la epi kreye nouvo opòtinite pou kwasans ak ekite pou jenerasyon k ap vini yo".

Manm Asanble Demond Meeks te deklare, "Finisman 270 on East se yon gwo pa nan direksyon pou amelyore kondisyon lavi pou kominote nou an. Ensekirite lojman kapab sèlman abòde atravè efò sibler pou bay lojman bon kalite ak abòdab. Nou dwe kontinye travay ansanm pou kreye yon katye ekitab ak enklizif pou tout fanmi ak rezidan vil Rochester yo".

Chèf Egzekitif Konte Monroe a Adam Bello te deklare, "Aksè nan lojman abòdab se yon eleman enpòtan nan enterè administrasyon mwen an pou asire sante ak sekirite rezidan Konte Monroe yo. Konplèks lojman nan 270 East Avenue nan kè anba lavil Rochester pral transfòme lavi manm kominote ki pi vilnerab nou yo, epi mwen remèsye Eta New York, Gouvènè Hochul, ak NYS HCR pou investisman yo nan resous sa a ki nesesè anpil".

Michael F. Dehmler, Manm Dirijan CSD Housing, te deklare, "270 on East se yon egzanp ekselan sou fason lojman sipò bon kalite ak abòdab ka amelyore anpil objektif ak inisyativ pou reyamenajman kominote. CSD Housing trè fyè dèske li te gen opòtinite pou l jwe yon wòl enpòtan nan vizyon vil Rochester pou yon 'bouk enteryè' ki reyimajine epi pou kontribiye anpil nan divèsite lojman ki disponib nan yon katye prensipal Rochester".

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward

Anons jodi a vin konplete pwogram “Finger Lakes Forward”, ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou envesti nan endistri kle, sa enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ak manifakti avanse. Kounye a, rejyon an ap akselere Finger Lakes Forward gras ak yon investisman 500 milyon dola Eta a ap fè nan kad Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a. Envestisman 500 milyon dola Eta a pral ensite biznis prive yo envesti plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa jiska 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)